




# GID PREPARASYON KADIJANS LAFLORID



***Gid Preparasyon Kadijans Laflorid la disponib nan angle, panyòl ak angle. Yon vèsyon ki ekri nan lèt gwo disponib tou.***

Piblikasyon sa a te fèt posib pa yon alokasyon pou preparasyon kadijans ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention). Gid la te pwodwi pa Biwo Kominikasyon nan Depatman Sante Laflorid (Florida Department of Health's Office of Communications) ak Biwo Preparasyon ak Repons (Bureau of Preparedness and Response).

# Kreye yon Plan Dijans



## Se Plan Pa w, Annik Kreye Li !

- > Kisa w ak fanmi w pral fè.
- > Kisa pou w gen sou lamen.
- > Kisa pou w pote avèk ou.
- > Ki kote pou ale si li nesesè.
- > Yon plan pou bêt domestik.

### Zafè debaz

- **Ekri non chak moun** plan ou pral pwoteje ak enfòmasyon kontak konple chak moun.
- **Endike tout pwovizyon ak ekipman** ki nesesè pou chak moun nan plan ou. 72 èdtan oswa plis gen dwa pase anvan èd kapab rive.
- **Identifye nenpòt kondisyon sante oswa bezwen ki gen rapò avèk enfimite** nan gwoup ou epi enkli enstriksyon.
- Si yon evakyasyon vin nesesè deside ki kote w prale. Planifie wout ou epi **enkli tout opsyon altènativ**.
- **Fè kopi dosye finansye, asirans ak medikal** epi kenbe yo avèk plan dijans ou.
- **Asire byen ke timoun konnen ak konprann** plan dijans la.
- Chak moun pral bezwen identifikasyon ak enfòmasyon kontak pou pote avèk yo pandan yon evakyasyon, **espesyalman timoun ak gran moun**.
- Enkli bêt sèvis ak bète domestik ou nan plan ou.

### Kreye demach evakyasyon efektif

- **Endike klèman ki kote w prale pandan yon evakyasyon.** Deside si w pral rete avèk zanmi oswa fanmi nan yon kote ki ansekirite, rete nan yon otèl oswa motèl, oswa ale nan yon abri publik ki gen apwobasyon konte a.
- Si yon moun nan gwoup evakyasyon ou bezwen **swen medikal debaz chak jou** yon abri pou Bezwè Espesyal gen dwa yon opsyon. Kontakte biwo jesyon dijans konte w (gade paj 13) pou plis enfòmasyon.



### ■ Konnen bezwen transpò chak moun.

Toujou kontinye fè antretyen debaz machin ou epi replen tank gaz la lè li vin mwatye plen.

■ Si w konnen ou pral **bezwen asistans transpò** nan yon kadijans, enskri avèk biwo jesyon dijans konte w alavans. Sa a pral pèmèt ajans k ap reponn lan pou planifie pou bezwen alavans.

■ Detèmine **de lokasyon dijans adisyonèl** pou rankontre nan ka ke w pa kapab retounen lakay. Youn dwe bò kote lakay ou, ak lòt la dwe andeyò katye w. Asire byen ke tout moun ki endike nan plan evakyasyon ou abitye avèk pwen rasanje man sa yo.

■ **Identife yon moun santral pou kontakte pandan kadijans** pou gwoup ou. Chwazi yon zanmi oswa manm fanmi ki rete andeyò zòn la epi founi enfòmasyon kontak pou tout moun nan gwoup ou. Asire byen ke chak moun gen nimewo telefòn, imèl ak adrès lari kontak santral la.

■ Sonje byen, nan pifò ka yo, yon evakyasyon vle di pou ale **distans dè dizèn mil**, pa distans dè santèn mil.

### **Metni plan, pwovizyon ak ekipman ou**

■ Revize ak pratike plan ou **chak sis mwa**.

■ Fè egzèsis dife ak evakyasyon dijans chak sis mwa avèk tout moun nan lakay ou.

■ Tcheke **pwovizyon manje** chak sis mwa pou dat ekspirasyon. Sèvi avèk nenpòt manje ki pral ekspire epi ranplase li nan twous pwovizyon ou.

■ Li **endikatè sou aparèy pou etenn dife ou** epi swiv enstriksyon rechaje fabrikan an.

■ Fè tès sou alam lafimen ak kabòn monoksid chak mwa ak chanje pil yo omwen yon fwa chak ane. **Ranplase alam yo chak 10 an.**

### **Kreye yon plan pou bêt domestik.**

■ Eketi yon lis sou pwovizyon debaz ki nesesè **pou yon minimòm twa jou** pou chak bêt domestik: manje ak dlo ansante, medikaman, kabann, kòd, mizo, jwèt ak yon pòtè pou chak bêt domestik.

■ Kenbe **dosye vaksinasyon ki mete ajou** pou bêt domestik ou epi kenbe yo avèk plan dijans ou.

■ Fè bêt domestik la mete yon **kolye ak etikèt idantifikasyon tout tan**, epi ajoute nimewo telefòn pòtab ou oswa nimewo telefòn veterinè w sou etikèt idantifikasyon bêt domestik ou.

■ Chèche konnen si destinasyon evakyasyon ou (zanmi, otèl oswa abri) aksepte **bt domestik**.

■ Chèche konnen **plan ak resous kominate w** pou pwoteje bêt domestik pandan yon kadijans.

■ Kontakte veterinè, abri bêt domestik lokal oswa sosyete imen (humane society) pou enfòmasyon sou **plan dijans yo pou bay bêt domestik abri**.

## Anvan yon kadijans

- **Kenbe lajan kach pou kadijans** sou lamen ak plen tank gaz machin ou.
- Konnen ki kote w prale ak kouman ou planifye rive la a anvan ou deplase lakay ou. **Fè lòt moun konnen destinasyon ou** ak ki wout ou gen entansyon pran.
- **Li itil pou** deplase bonè pandan yon evakyasyon. Deplase pita pa gen dwa pèmèt ou ase tan pou rive nan yon abri ki ansekirite.
- Sonje byen ke moun nan lòt zòn eta a te gen dwa resevwa kòmann evakyasyon, konsa si w deplase bonè, **wout yo kapab deja gen anpil sikilasyon.**
- Konnen **wout altènativ yo** ki disponib anvan ou deplase.

## Sekirite manje

- Mete kontwòl frijidè ak frizè sou **paramètres pi frèt yo**. Pandan kouran pèdi, sèlman ouvri frijidè a oswa frizè a lè li nesesè.
- Manje pral rete glase pou jiska 48 èdtan si frizè a plen epi **li byen chaje**. Manje gen dwa rete glase pou 24 èdtan nan yon frizè ki mwatye plen.
- Ou kapab **plen kote vid**

**nan frizè a** avèk resipyen glas ki kapab itilize ankò. Plen resipyen plastik vid yo 90 pouzan avèk dlo—pa sere bouchon yo epi mete yo nan frizè a.

■ Si manje nan frijidè a pa dekonjle, sèvi avèk li nan lespas yon oswa de jou. **Pa janm remete manje** nan frizè ki te deja deglase konplètman. Si w pa sèten si manje a san danje, jete li!

## Apre yon kadijans

- **Pote idantifikasyon valab** avèk **ou**. Ou gen dwa mande pou montre prèv rezidans ou pou retounen nan katye w.
- Si w lakay ou, **rete lakay ou**. Sa pral ede kenbe wout yo vid pou sekouris dijans.
- Si gen inondasyon, pote atansyon pou **koulèv, ensèk ak bèt** k ap chèche ale nan tè ki pi wo.
- Evite fil kouran **ki tonbe oswa domaje**.
- **Pran prekosyon lè w ap antre lakay ou**. Pa limen alimèt jiskaske w sèten ke pa gen okenn gaz k ap koule.
- Si kouran pèdi, etenn oswa deploge tout aparèy enpòtan ak aparèy elektwonik pou **evite domaj ki soti nan yon vag toudenk-**
- ou lè kouran an retabli.
- **Si w gen yon delkò, sonje pou pa janm sèvi avèk li andedan kay la**. Pa sèvi avèk li bò kote nenpòt pòt, fenèt oswa pòt garaj.
- Ede timoun kenbe fèm**
- Pale avèk yo onètman sou sityasyon an nan fason ki senp ak **konpreyansif**.
- **Kontwole sa yo swiv sou medya**. Si pitit ou gade televizyon oswa sèvi avèk entènèt la pandan imaj oswa nouvèl sou evènman an ap montre, gade li avèk yo pou ankouraje komunikasyon ak founi eksplikasyon.
- **Laperèz timoun valab**. Toujou konsidere santiman yo kòm zafè serye.
- Bay timoun **travo senp** pou fè ki kapab ede pandan yon kadijans.
- Anseye timoun ou **ki-moun ak kilè pou rele pou èd**—manm lafanmi oswa zanmi lafanmi. Anseye timoun ou sou kouman pou chèche abri ak kontakte lòt moun si yo lakay la poukont yo.

# Kreye yon Twous Pwovizyon Dijans



Twous ou dwe satisfè bezwen ou ak bezwen moun ki nan plan ou. Chwazi yon resipyen ki enpèmeyab ak fasil pou pote. Asire byen ke tout moun konnen ki kote twous la estoke!

## Zafè debaz

### >DLO

Kenbe dlo nan resipyen plastik tankou gwo boutèy kola, ji oswa lèt—kenbe li nan yon kote ki fre ak sèch. Evite resipyen ki pral dekonpoze oswa kraze, tankou katon lèt papye oswa boutèy vè. Kenbe dlo nan yon benywa pou lave oswa desann dlo twalèt.

❑ Kenbe yon galon dlo pou chak moun pou chak jou pou jiska 7 jou. Enkli dlo pou bwè, fè manje, ijyèn.

❑ Moun ki aktif bezwen bwè omwen de lit edmi dlo chak jou—anviwònman cho ak aktivite fizik anplis kapab double kantite a. Timoun, manman k ap bay tete ak moun ki malad bezwen plis dlo.

❑ Kenbe dlo nan boutèy ki achte nan resipyen orijinal li, byen fèmen. Remake dat limit itilizasyon an.

### >MANJE

**Chwazi manje ki ansante, ki p ap gate epi ki pa bezwen mete nan frijidè anvan oswa apre li ouvri.** Manje yo ki pa bezwen kwit pi fasil pou kontwole.

❑ Kenbe yon pwovizyon manje pou omwen twa-jiska-sèt jou pou chak moun.

❑ Vyann oswa pwason nan bwat konsèv oswa pake ki p ap gate

❑ Legim, fwi nan bwat konsèv oswa fwi sèk ki nan pake, nwa

❑ Aparèy manyèl pou ouvri mamit

❑ Plat ak istansil plastik, espesyal istansil pou manje, napkin papye, sèvyèt

❑ Alkòl jle nan bwat konsèv (tankou Sterno) si w bezwen chofe manje. Pote alimèt nan yon sak ki enpèmeyab. Sèlman sèvi avèk griy oswa aparèy gaz pou kwit manje ki fonksyone deyò.

### >MEDIKAMAN

**Fè aranjman avèk founisè swen sante w ak famasyen ou pou pwovizyon medikaman kadijans.** Dapre yon kadijans ki deklare federalman, ou kapab resevwa yon pwovizyon 30-jou anplis san ogmantasyon nan pri—menm pou preskripsyon yo ki te resamman plen.

❑ Lis sou tout medikaman

❑ Ekipman ak pwovizyon ki nesesè pou medikaman ou: sèvyèt papye mouye alkòl, sereng, ekipman tès, glas oswa lòt refr-wadisman pou medikaman ki bezwen rete nan tanperati yo ki pi ba.

❑ Aspirin oswa medikaman san aspirin pou soulaje doulè

❑ Medikaman kont dyare

❑ Anti-asid pou vant fèmal



## Fòmil

- Pou Tibébe
- Kouchèt ak ti sèvyèt mouye
- Bibwon jetab ak tetin
- Fòmil lèt an pwoud, lèt, oswa manje tibebe
- Medikaman, kont gout pou medikaman
- Savon tibebe ak shanpou
- Nimewo telefòn pediyatrisyen oswa enfimyè yo
- Dlo



## Pou bêt do-mestik yo

- Manje pou bêt domestik yo , dwo al bòl
- Medikaman, dosye iminizasyon yo
- Kolye, lès, oswa mizo
- Tag idantifikasyon ak vakse kon laraj
- Pòtè, 1 pou chak bêt domestik
- Plato lityè chat ak lityè siplemantè

- Laksatif
- Medikaman pou timoun



## > LINÈT AK APARÈY ODITIF

- Linèt preskripsiyon resèv, menm si yo pa preskripsiyon pi resan ou. Lantiy kontak resèv ak solisyon netwayaj.
- Linèt solèy—swa preskripsiyon oswa non
- Aparèy oditif resèv, menm si yo pa preskripsiyon pi resan ou—pake pil siplemantè.



## > MEDIKAL AK APARÈY

- Lis sou aparèy medikal tankou aparèy ki regle batman kè, ponp, monitè ak aparèy akomodasyon, avèk modèl ak nimewo seri yo—pote pil siplemantè.



## > TWOUS PREMYE SEKOU

Kreye twous premye sekou pou lakay ou ak chak machin.

- Pansman esteril adeziv—plizyè gwosè diferan
- Zepeng—plizyè gwosè diferan

- Savon oswa ajan netwayaj

- Gan latèks, 2 pè
- Krèm pwotèj kont solèy

- Twal gaz esteril, 2-pous, 4–6

- Twal gaz esteril, 4-pous, 4–6

- Pansman triyangilè, 3

- Pansman woulo esteril 2-pous, 3

- Pansman woulo esteril 3-pous, 3

- Sizo

- Zegwi koud

- Tep adezif

- Pensèt

- Ti sèvyèt imid

- Antiseptik

- Alkòl pou friksyon

- Tèmomèt

- Palèt anbwa pou lang (tongue blades), 2

- Tib vazlin oswa lòt librifyan

- Kont gout pou medikaman

## > RAD AK KOUVÈT KABANN

- Savon lesiv nan resipyan ki kapab fèmen ankò

- Yon chanjman rad konplè, ak soulye dirab oswa bòt travay

pou chak moun

- Chapo avèk gwo ra bouch pou pwoteje tèt ak zòrèy

- Ekipman pou lapli

- Zòrye ak dra prefere
- Lèn oswa sak pou dòmi

- Atik sezon fredi: chapo, gan, souvèt-man tèmik

## > LÒT ATIK

**Pa enkli bouji nan twous ou.** Apre yon dezas, se bouji ki lakòz dife plis pase nenpòt lòt bagay. Sèvi avèk flach oswa antèn.

- Bwòs adan, pat dantifris, netwayaj plak dan

- Lajan kach oswa chèk vwayajè

- Kle siplemantè

- Papye aliminyòm

- Telefòn estanda ki ploge dirèkteman nan yon mi

- TTY ak pil resèv

- Radyo ki mache avèk manivè manyèl oswa pil avèk kas ek-outè oswa bouchon zòrèy—pote pil siplemantè

- Flach ki mache avèk manivè manyèl oswa pil—pote pil siplemantè

## Dokiman enpòtan yo

### >PWOPRIYETE

- ❑ Lis sou bagay lakay. Enkli foto bagay ou ak lakay ou.
- ❑ Lis sou envantè biznis ak foto
- ❑ Enfòmasyon sou konpayi asirans (asirans pwopriyete)

### >KONTAK

#### Òganize enfòmasyon kontak annapre a:

- ❑ Yon lis sou tout nimewo dijans ofisyèl
- ❑ Fanmi ak zanmi
- ❑ Enfòmasyon sou kat kredi, labank, tit finansye
- ❑ Antretyen lakay ak travayè sèvis pèsònèl
- ❑ Enkli enstriksyon pou etenn sèvis piblik
- ❑ Dosye vaksinasyon bêt domestik ak enfomasyon sou veterinè

### >ENFÒMASYON MEDIKAL

- ❑ Nimewo kontak pou doktè
- ❑ Enfòmasyon sou founisè asirans sante (nimewo kontra asirans sante, nimewo reklamasyon, nimewo kontak)

### >Tip san

- ❑ Alèji
- ❑ Istwa medikal ak kondisyon aktyèl
- ❑ Medikaman ak dòz, tretman espesyal
- ❑ Enstriksyon ak distribye nimewo telefòn famasi
- ❑ Ekri nimewo estil ak seri nan aparèy medikal yo tankou aparèy ki regle batman kè, ponp, aparèy akomodasyon, aparèy pou èd espesyal
- ❑ Dokiman k ap odantifye enfimite oswa aksè ak bezwen fonksyonèl, dosye

### >ASIRE KE TOUT DOKIMAN OU PÒTAB POU YON EVAKYASYON

Eskane ak konsève dokiman ak dosye enpòtan nan yon kle USB pou estokaj done, oswa òganize enfòmasyon enpòtan nan yon kaye.

❑ Konsève tout aparèy memwa pou depo done, dokiman ak kaye ki gen enfòmsayon nan sak oswa resipyan enpèmeyab.



# Atik Adisyonèl pou Moun ki genyen Andikap oswa Bezwen pou Aksè ak Fonksyonalite

Make tout atik ou a ak fliyoresan, an gwo lèt oswa an bray.

## Ekipman ak lòt pwovizyon

- ❑ Pyès rezèv, pil oswa chajè batri pou: mobilite ekipman, aparèy pou èd espesyal ak aparèy odifitif.
- ❑ Tcheke avèk vandè w sou kouman pou chaje pil ou. Èske w kapab konekte nan batri yon veyikil lè li sèvi avèk kab demaraj? Konekte nan yon konvètisè ki ploge nan brikè sigarèt yon machin? Oswa èske w bezwen yon sistèm chajè solè?
- ❑ Twous reparasyon kawotchou pou chèz woulant oswa eskoutè
- ❑ Twotinèt, beki oswa baton
- ❑ Pwovizyon pou fonksyon irinè, pwovizyon pou stomize, pad pou enkontinan, atik pou ijyèn pèsonèl
- ❑ Ekipman ak pwovizyon pou dyaliz
- ❑ Aparèy pou mete pansman
- ❑ (Tank oswa dèlko) oksijèn ki vini avèk to ekoulman an
- ❑ Ekipman pou aspirasyon
- ❑ Plak dan
- ❑ Resipyen glas ak glas oswa materyèl pou kenbe medikaman fre. Si w ap sèvi avèk glas sèk, mete gan koton sèch.
- ❑ Pad oswa kousen espesyal
- ❑ Radyo oswa aparèy mizik ki mache avèk kas ekoutè oswa bouchon zòrèy—pote pil siplemantè
- ❑ Materyèl lekti ki pou amizman oswa okipasyonèl

## Si w genyen yon andikap vizyèl

- ❑ Yon revèy ki pale oswa Bray, oswa ak pil an rezèv

- ❑ Omwen yon kàn blan siplemantè

- ❑ Lopp siplemantè

## Si w soud oswa gen mal tande

- ❑ Kenbe yon kat ki endike ou soud oswa gen pèt tande nan twous pwovizyon pou w yo, avèk ou toutan
- ❑ Ajoute ladann tout enfòmasyon sou lòt kalite komunikasyon tankou “*mwen (oswa pa) konnen Langaj Siy Ameriken*,” oswa, “*Sèvis bêt domestik mwen ka legalman rete avèk mwen*.”
- ❑ Emisyon televizyon dijital dijans —ki fonksyone, ak batri kapab bay enfòmasyon nan Lang Siy Ameriken oswa sou-tiraj vizib.
- ❑ Papye ak kreyon nan otmobil ou ak twous pwovisyon w la
- ❑ Ou dwe kenbe avèk ou toutan—flach, yon siflèt oswa yon lòt bagay ki fè bwi.

## Si ou gen yon andikap ki asosye ak lapawòl oswa komunikasyon

- ❑ Konvètisè elektrik pou òdinatè pòtab. Yon konvètisè pèmèt laptops 12 vòlt oswa mwens fonksyone nan yon priz akseswa ki sou tablodbò yon otomobil.
- ❑ Papye ak kreyon pou yon resous komunikasyon derezèv.
- ❑ Ou dwe kenbe avèk ou toutan—yon komunikatè elektwonik oswa yon larenks atifisyèl.
- ❑ Kopi yon mo oswa yon tablo lèt, ak fraz kle ki enprime ou ta bezwen pou yon ijans. Kenbe nan twous ou, pòtfèy, bous, elatriye.

## **Si w genyen yon andikap kognitif**

Èske plan dijans pou asistan asistans ak enfòmasyon ou yo prepare nan yon fason ki fasil pou w konprann. Yon sekans etap-pa-etap ka itili anpil.

- ❑ Kopi nenpòt enstriksyon oswa enfòmasyon ou pral bezwen avèk ou nan twous pwovizyon w la.
- ❑ Kreyon ak papye pou kenbe kont ak ede w sonje nouvo enst-wilsyom yo.

## **Si ou itilize twous tretman medikal ou administre pou kont ou**

- ❑ Pote medikaman ou pral bezwen yo avèk ou lè w ap vwayaje.
- ❑ Fè aranjman avèkfounisè swen sante w ak famasyen ou pou pwovizyon medikaman kadijans. Dapre yon kadijans ki deklare federalman, ou kapab resevwa yon pwovizyon 30-jou anplis san ogmantasyon nan pri—memm pou preskripsyon yo ki te ranli resamman.

## **Si w tilize sèvis relè telekomunikasyon yo.**

Gade nan chwa diferan pou itilize kòm bakòp ki gen ladan:

- ❑ Rele 711, tout patou nan nasyon an
- ❑ Cap Tel, telefòn kapsyone
- ❑ Relè ki base sou entènèt la, atravè yon òdonatè, pejè tèks, PDA, elatrye.
- ❑ Sèvis relè Videyo yo, atravè broadband

## **Gen moun ki pral vle ede w**

**Pare pou bay enstwilsyon an direksyon klè ak brèv pou moun sa yo, swa oralman oswa alekri. Gen kat ki genyen estwiksyon so yon an. Exgzanz:**

- “Tanpri pran —  
Tank Oksijèn mwen an.  
Chès Wolant.  
Globin Gaman nan frizè an.  
Ensilin lan nan frijidfè an (oswa glasye an).  
Aparèy komunikasyon an anba kabann la.”
- > “Tanpri pa eseye mete kenou mwen dwat. Yo kole nan yon pozisyon plwaye.”
- > “Mwen fè yon chòk nan sèvo ki afekte memwa mwen. Tanpri ekri tout enstwiksyon ak enfòmasyon ki enpòtan yo.”



## **Sèvis Priyorite pou Rekoneksyon**

**Lalwa Florid egzije pou tout konpayi sèvis publik yo ofri yon “sèvis priyorite pou rekoneksyon” pou moun ki gen andikap ki sèvi ak ekipman ki depann sou kouran. Pou yo kapab mete w sou lis Tsèvis priyorite pou rekoneksyon an, kontakte konpayi sèvis publik ou an pou enfòmasyon.**

- > “Mwen avèg/ gen twb vizyon. Tanpri kite mwen kenbe bra ou fèm.”
- > “Mwen soud. Tanpri ekri bagay yo pou mwen oswa founi m yon entèprèt ASL pi vit ki posib.”

## **Retan tann an liy**

**Kite yon respondè oswa travayè sekou konnen si ou pa kapab rete tann nan liy lontan pou atik tankou asistans dlo, manje, oswa lòt. Pratike ki jan pou eksp-like aklè ak brè poukisa ou bezwen èd sa a. Ou kapab vle ekri tou eksplikasyon an alavans.**

# Prepare Tèt ou ...Rete Enfòme

Si gen yon ka dijans nan zòn ou an, pare pou:

- Aktive plan djians ou an.
- Jwenn twous pwovizyon dijans ou an.
- Swiv alè lokal yo nan rayo, televizyon, entènèt la ak lòt sistè avètisman yo.

**Pou sèten ka dijans**, rete lakay, ou te konnen antan “shèltè sou plas” se yon opsyon, men pou lòt, evakyasyon se meyè chwa. Konsidere kirsk ki genyen nan zòn ou an. Ou ap viv sou oswa toupwè kòt la, toupre yon rivyè oswa yon kouran dlo ki ka inonde, oswa toupre yon izin elektrik nikleyè? Kouman yon ijans nan zòn ou an afekte wout ak sèvis piblik yo?

Peye atansyon sou anviwònman ou yo, pou kontwole sous nouvèl fyab yo epi ou dwe pare pou pran aksyon.

## Rete la

- **Rasanble fanmi ak zanmi ou** ki deja lakay ou, bêt domestik ou yo ak tous pwovizyon dijans ou an.
- Rete andedan lakay ou, **Iwen tout fenèt yo, fenèt tabatyè ak pòt an vitray yo**. Ajans Federal Jesyon Ijans (The Federal Emergency Management Agency (FEMA)) rekòmande pou sèvi avèk chanm ki pi enteryè, klozèt oswa koulwa sou nivo ki pi ba nan kay ou pandan move tan.
- Asire ou genyen **kontenè ki pwòp pou kenbe dlo**. Ou ta dwe gen yon minimòm yon galon pou chac moun pou chac jou.
- Pare pwovizyon manje sèn pou semèn nan, manje ki pa perisab ou pap bezwen kwit. Sonje pou genyen yon **ouv bwat ki pa elektrik, manyèl sou-la-men**.
- **Limite itilizasyon telefòn oswa selilè** pou sèlman li li vrèman nesesè. Asire w telefòn selilè ou ak TTY ou byen chaje epi gen batri derezè ki disponib.
- **Si w gen yon dèlko, sonje byen pou pa janm opere li andedan kay la**. Pa sèvi avèk li bò kote nenpòt pòt, fenèt oswa pòt garaj.
- Li enpòtan tou **pou tann pou notifikasyon ofisyèl** ki di ijans lan fin pase avan ou ale deyò lakay ou.



**Si w itilize yon chèz woulan, fè plis pase yon sòti aksesib lakay ou ki aksesib pou chèz woulan nan ka sòti prensipal la bloke. Plani-fye ak praktike ki-jan pou sove kite kay ou.**



**oswa**



### **Evakye**

- Si w oblige kite kay la, **swiv plan dijans ou an** ak etap ou yo pou yon evakyasyon efikas.
- **Rasanble fanmi ak zanmi ou** ki deja lakay ou, bêt domestik ou yo ak tous pwovizyon dijans ou an.
- Eten dlo ak elekrisite kay la **nan tiyo ak sikwit prensipal la**. Etènn tou tank gaz pwopàn yo. Pa etènn gaz natirèl la eksepte si ofisyèl lokal yo di pou fè sa.
- Siklòn, gwo tanpèt, tònad ak dife sovaj ka chanje direksyon. **Kontinye koute pou dènye nouvèl sou move tan epi rete enfòme**.
- Swi plan wout vwayaj ou ak **oswa jan otorite lokal yo dirije**, epi pote yon kat jeyografik avèk ou.
- Pou kèk ijans, yo ka yon refij piblik ki louvri nan zòn ou an. Otorite lokal yo pral fè **anons sou estati shèltè piblik yo**.
- Tou depan sou echèl ijans lan, ou kapab bezwen evakye zòn nan antyèman, pou ale deyò nan zòn enpak yo prevwa an. Men an jeneral, **dizèn mil, pa santèn mil, nesesè pou evakyasyon**.



### > Indondasyon

**ONN TANPÈT** se yon dòm dlo van siklòn ak tanpèt twopikal.la pouse sou bòdmè. Onn tanpèt yo ka rive 25 pye oswa plis.

**GWO MARE TANPÈT** se yon konbinezon onn tanpèt ak mare nòmal ki lakòz nivo dlo yo monte wo anpil.

### Anvan inondasyon an

- Revize **plan dijans ou an** epi mete li ajou jan sa nesesè.
- **Èske w nan yon zòn inodasyon?** Jwenn ak revize politik inondasyon asir-ans ou si w gen youn.
- Inondasyon ki menase lakay ou ta dwe deklanche plan ijans ou. **Jwenn twous pwovizyon w la** epi pare kò w pou pran aksyon.

### Lè yo anonsé yon siveyans inondasyon-eklè pou zòn ou

- Refere w sou etap **plan evakyasyon dijans ou** y pou konnen kisa ou pral fè ak ki kote ou prale.
- **Siveye evenman yo nan radyo, televizyon oswa entènèt.** Koute pou avètisman ak rapò sou inondasyon yo.
- Prepare w pou **evakye imedyatman si li nesesè**.
- Si ou nan wout, siveye pou inondasyon nan pant otowout yo, sou pon ak zòn ki ba yo. **Pa kondwi oswa mache nan dlo ki kanpe**.
- Swiv enstwiksyon nan men **ofisyèl dijans yo**.

### Lè yo anonsé yon siveyans inondasyon-eklè pou zòn ou

- Aji byen vit pwoteje tèt ou ak moun ki depann sou ou yo. Siw dwe poute pwovizyon yo **nan men, ranmase tout atik ki enpòtan yo** ki nan tous pwovizyon dijans ou an.
- **Pa seseye kondwi sou dlo.** Tankou menm yon pye dlo k ap kouri kapab bale pi fò otomobil ale. Si otomobil ou pran pàn, evakye tout pasaje yo ale imedyatman sou teren ki pi wo.
- **Pa eseye travèse yon wiso ki inonde apye.** Evite mache nan nenpòt dlo si ou genyen blesi oswa maleng ki louvri.
- **Pran prekosyon nannwit** lè w ap kondwi oswa mache lè li pi difisil pou rekonèt danje inondasyon an.
- Kenbe timoun yo lwen dlow  
**inodndasyon yo tou pre pasaj idwolik**  
ak kolektè dlo lapli yo.



**Nan yon ijans,  
pi bon chwa ou pou  
shèltè se deyò nan zòn  
evakyasyon an, nan yon  
estrikti sekire ak fanmi e  
zanmi w yo.**

**Pesonèl shèltè dijans  
Lakwa Wouj Ameriken  
(American Red Cross) yo.  
Vizite [www.redcross.org/  
find-help/shelter](http://www.redcross.org/find-help/shelter) pou lis  
shèltè ki ouvri yo, oswa  
rele chapit Lakwa Wouj  
lokal ou an pou enfò-  
masyon sou shèltè ki louvi  
yo.**

### **Shèltè ak bêt domestik yo**

Yo pèmèt bêt domestik sèvis yo (chyen ki antrene espesyalman oswa minyati chwal) ki ede mou ki genyen andikap pou vini nan shèltè yo. Swen yo se responsablite mèt yo an sèlman.

Pifò shèltè yo pa kapab aksepte bêt domestik yo akòz enkyeti sou sante ak sekirite. Bêt domèstik yo sèlman pèmisb bab shèltè pre-yo deziyen, ki akeyi bêt domestik yo. Tcheke avèk biwo jesyon ijans konte ou a pou reglasyon ak règ sou shèltè pou bêt domestik yo akeyi (gade nan paj 13).



## **Shèltè**

Lè gen ka dijans move tan ki fèt, Eta Florid la louvri pòt shèltè dijans tanporè nan lekòl, biling biwo oswa lòt fasilite ki apwouve.

### **De (2) kalite shèltè**

#### **SHÈLTÈ POPILASYON**

**JENERAL** Kalite shèltè sa a estoke ak bezwen debas tankou manje ak dlo, epi ofri plasman tanporè pou dòmi pandan yon ijans. Yon shèltè popilasyon jeneral kapab bay premye swen debaz, men se pa swen medikal. Ou pral bezwen pote founiti tankou dra kabann, lenn, rad, twalètri, atik pou ijjèn ak medikaman pèsònèl. Lòt pase manje ak dlo, resous ki disponib nan shèltè popilasyon jeneral la ap varye. Si ou gen yon kondisyon medikal ki mande asistans chak jou, ou ka vle pou enskri nan yon shèltè pou bezwen espesyal.

#### **SHÈLTÈ POU BEZWEN ES-**

**PESYAL** Shèltè pou bezwen espesyal yo diferan pase shèltè popilasyon jeneral yo. Si ou bezwen asistans medikal chak jou tankou swen enfimyè woutin, ede ak medikaman, terapi oksijèn, ekipman medikal elektrik pou lavi-sipòte epi ou pa gen yon lòt kote pou ale, ou kapab kalifye pou w ale

nan yon shèltè pou bezwen espesyal.

Pandan yon ijans, shèltè pou bezwen espesyal yo bay plis swen medikal ak sipèvizon pase yon shèltè popilasyon jeneral. Ou dwe konnen shèltè pou bezwen espesyal pa bay nivo swen yon lopital oswa yon sant medikal dijans. Yo bay yon kote ki sennesòf pou èd debaz medikal jouk ijans la fin pase. Ou pral bezwen pote ekipman medikal ou yo ak medikaman aktyèl ou yo avèk ou nan shèltè pou bezwen espesyal la. Nou ankouraje moun kap bay swen ak bêt domestik sèvis yo pou vini avèk ou.

Gen sèten kritè sou elijibilite ou dwe satisfè pou gen n aksè sou yon shèltè pou bezwen espesyal. Pou chèche konnen si ou kalifye ak pre-enskri, kontakte Administrasyon biwo dijans konte w la (gade nan paj 13).

**Si w ap evake, pake je, liv ak jwèt pou timoun.**

# Sèvis nan Kominote w la

## Resous sou entènèt

Yon zouti planifikasyon pou moun ki gen enfimite oswa akse ak bezwen fonsyonèl disponib nan [www.floridadisaster.org](http://www.floridadisaster.org).

**Lakwa Wouj Ameriken:** [www.redcross.org](http://www.redcross.org) and [www.prepare.org](http://www.prepare.org). Tiliv Red Cross la *Prepare Moun ki gen Enfimite oswa Lòt Bezwè Espesyal pou Dezas (Preparing for Disaster for People with Disabilities and other Special Needs)* disponib nan: [www.redcross.org/services/disaster/beprepared/disability.pdf](http://www.redcross.org/services/disaster/beprepared/disability.pdf).

**Kominote pou Jesyon Kadijans Laflorid:** [www.floridadisaster.org](http://www.floridadisaster.org)

**Ajans Administrasyon Ijans Federal (Federal Emergency Management Agency (FEMA)):** [www.fema.gov](http://www.fema.gov)

**Sant Laflorid pou Lavi Endepandan (Florida Centers for Independent Living (CIL))** angaje pou ede moun ki gen enfimite planifye pou kadijans: 1-866-575-6004 oswa 1-877-822-1993.

**Öganizasyon Nasyonal Pou Emfimite (National Organization on Disability):** [www.nod.org/emergency](http://www.nod.org/emergency)

**Biwo Santral sou Enfòmasyon sou Enfimite, Edikasyon Espesyal ak Sèvis Reyabilitasyon Kominikatif ak Ekip Sèvis Kliyan:** 1-202-245-7307 or 1-202-205-5637, TTD

**Sant Nasyonal La sou Planifikasyon Dijans pou Moun ki gen Enfimite (The National Center on Emergency Planning for People with Disabilities):** [www.disabilitypreparedness.org](http://www.disabilitypreparedness.org)

**Liy telefòn gratis pou Rezo Sant Enfòmasyon sou Pwazon Laflorid (Florida Pison Information Center Network)**

Rezo Sant Enfòmasyon sou Pwazon Laflorid la (FPICN) founi sèvis dijans pandan 24 èdtan bay sitwayen Laflorid yo. **1-800-222-1222**, akses pa vwa ak aparèy telekomunikasyon pou moun soud.

**Enfòmasyon kontak pou dezas**

**Lakwa Wouj Ameriken**—manje, abri ak asistans finansye: 1-800-RED CROSS (1-800-733-2767). Biwo Santral Nasyonal Manm Pesonèl: 1-202-303-5214. Ankèt piblik: 1-202-303-4498.

**America's Second Harvest**—manje: 1-800-771-2303

**Liy Telefòn FEMA pou Fwod ak Abi**, Department of Homeland Security: 1-800-323-8603

**Enskripsyon FEMA**—premye etap pou asistans dezas: 1-800-621-3362 oswa 1-800-621-FEMA

**FEMA-TTY** pou moun ki gen pwoblèm tandem: 1-800-462-7585

**Liy Telefòn Laflorid sou Abi:** 1-800-962-2873 oswa 1-800-96ABUSE

**Gadri Laflorid**—resous ak rekòmandasyon: 1-888-352-4453

**Depatman Laflorid pou Sèvis Finansye**—pwoblèm reklamasyon: 1-800-227-8676 oswa 1-800-22-STORM

**Liy Enfòmasyon sou Kadijans Laflorid:** 1-800-342-3557

**Liy Telefòn Laflorid pou Volontè ak Sèv:** 1-800-354-3571

**Liy Telefòn sou Grangou, Asosyasyon Laflorid pou Aksyon Kominotè:** 1-800-329-3663

**Liy Telefòn sou Ogmantasyon nan Pri Pandan Kadijans, Depatman Laflorid sou Agrikilti ak Sèvis Konsomatè:** 1-800-435-7352

**Liy Telefòn sou Ogmantasyon nan Pri Pandan Kadijans, Pwokirè Jeneral Eta Laflorid:** 1-800-646-0444

**Pwojè ESPWA (Project HOPE), Depatman Laflorid pou Timoun ak Fanmi:** 1-866-518-1825

**Salvation Army:** 1-800-725-2769. Pou sèvi kòm volontè oswa fè donasyon: 1-866-435-7669.

**Depatman Ameriken sou Zafè Veteran (U.S. Department of Veterans' Affairs)**—enfòmasyon ak rekòmandasyon: 1-800-827-1000

## **Rejis pou abri pou bezwen espesyal (biwo administrasyon dijans)**

<b>Alachua:</b> (352) 264-6500	<b>Lafayette:</b> (386) 294-1950	<b>Union:</b> (386) 496-4300
<b>Baker:</b> (904) 259-6111	<b>Lake:</b> (352) 343-9420	<b>Volusia:</b> Southeast Volusia, (386) 423-3395 West Volusia, (386) 736-5980 Daytona Beach, (386) 258-4088
<b>Bay:</b> (850) 784-4000	<b>Lee:</b> (239) 533-0622	
<b>Bradford:</b> (904) 966-6336	<b>Leon:</b> (850) 488-5921	<b>Wakulla:</b> (850) 745-7200
<b>Brevard:</b> (321) 637-6670	<b>Levy:</b> (352) 486-5213	<b>Walton:</b> (850) 892-8186
<b>Broward:</b> (954) 357-6385	<b>Liberty:</b> (850) 643-2339	<b>Washington:</b> (850) 638-6203
<b>Calhoun:</b> (850) 674-8075	<b>Madison:</b> (850) 973-3698	
<b>Charlotte:</b> (941) 833-4000	<b>Manatee:</b> (941) 749-3507	
<b>Citrus:</b> (352) 746-6555	<b>Marion:</b> (352) 369-8100	
<b>Clay:</b> (904) 284-7703	<b>Martin:</b> (772) 287-1652	
<b>Collier:</b> (239) 252-3600	<b>Miami-Dade:</b> (305) 513-7700 oswa 311	
<b>Columbia:</b> (386) 758-1125	<b>Monroe:</b> (305) 292-4591	
<b>DeSoto:</b> (863) 993-4831	<b>Nassau:</b> (904) 548-4980	
<b>Dixie:</b> (352) 498-1240	<b>Okaloosa:</b> (850) 651-7150	
<b>Duval:</b> (904) 630-2472	<b>Okeechobee:</b> (863) 462-5819	
<b>Escambia:</b> (850) 471-6400	<b>Orange:</b> (407) 836-9140	
<b>Flagler:</b> (386) 313-4200	<b>Osceola:</b> (407) 343-2133	
<b>Franklin:</b> (850) 653-8977	<b>Palm Beach:</b> (561) 712-6400	
<b>Gadsden:</b> (850) 875-8642	<b>Pasco:</b> (727) 847-8137 oswa Liy aparèy telekomunikasyon pou moun soud, (352) 521-5137	
<b>Gilchrist:</b> (386) 935-5400	<b>Pinellas:</b> (727) 464-3800	
<b>Glades:</b> (863) 946-6020	<b>Polk:</b> (863) 534-5600	
<b>Gulf:</b> (850) 229-9111	<b>Putnam:</b> (386) 329-0379	
<b>Hamilton:</b> (386) 792-6647	<b>Santa Rosa:</b> (850) 983-5360	
<b>Hardee:</b> (863) 773-6373	<b>Sarasota:</b> (941) 861-5000	
<b>Hendry:</b> (863) 612-4700	<b>Seminole:</b> (407) 665-5102	
<b>Hernando:</b> (352) 754-4083	<b>St. Johns:</b> (904) 824-5550	
<b>Highlands:</b> (863) 385-1112	<b>St. Lucie:</b> (772) 462-8100	
<b>Hillsborough:</b> (813) 236-3800	<b>Sumter:</b> (352) 569-1660	
<b>Holmes:</b> (850) 547-1112	<b>Suwannee:</b> (352) 364-3405	
<b>Indian River:</b> (772) 567-2154	<b>Taylor:</b> (850) 838-3575	
<b>Jackson:</b> (850) 482-9678		
<b>Jefferson:</b> (850) 342-0211		

## Depatman Sante Konte

<b>Alachua County</b> 224 S.E. 24th St. Gainesville 32641 (352) 334-7900 FAKS (352) 955-6428	<b>Clay County</b> 301 S. West St. Green Cove Springs 32043 (904) 529-2801 FAKS (904) 529-28031	<b>Gadsden County</b> 278 LaSalle LeFall Dr. Quincy 32353 (850) 875-7200, EKSTAN- SYON 325 FAKS (850) 627-9134	<b>Hillsborough County</b> 1105 East Kennedy Blvd. Tampa 33604 (813) 307-8000 FAKS (813) 272-6984
<b>Baker County</b> 480 W. Lowder St. Macclenny 32063 (904) 259-6291, EKSTANSYON 2230 FAKS (904) 259-1950	<b>Collier County</b> 3301 Tamiami Trail East Suite 145, Bldg. H Naples 34112-4961 (239) 252-8200 FAKS (239) 252-2552	<b>Gilchrist County</b> 119 N.E. 1st St. Trenton 32693 (352) 463-3120 FAKS 352-463-3425	<b>Holmes County</b> 603 Scenic Circle Bonifay 32425 (850) 547-8500 FAKS (850) 547-8515
<b>Bay County</b> 597 W. 11th St. Panama City 32401 (850) 872-4455 FAKS (850) 872-7626	<b>Columbia County</b> 217 N.E. Franklin St. Lake City 32055 (386) 758-1068 FAKS (386) 758-3900	<b>Glades County</b> 1021 Health Park Dr. Moore Haven 33471 (863) 946-0707 FAKS (863) 946-3097	<b>Indian River County</b> 1900 27th St. Vero Beach 32960 (772) 794-7400 FAKS (772) 794-7453
<b>Bradford County</b> 1801 N. Temple Ave. Starke 32091 (904) 964-7732 FAKS (904) 964-3024	<b>DeSoto County</b> 34 South Baldwin Ave. Arcadia 34266 (863) 993-4601 FAKS (863) 993-4606	<b>Gulf County</b> 2475 Garrison Ave. Port St. Joe 32456 (850) 227-1276 FAKS (850) 227-1766	<b>Jackson County</b> 4979 Healthy Way Marianna 32446 (850) 526-2412 FAKS (850) 718-0383
<b>Brevard County</b> 2575 N. Courtenay Pky Merritt Island 32953 (321) 454-7151 FAKS (321) 454-7128	<b>Dixie County</b> 149 N.E. 241st St. Cross City 32628 (352) 498-1360 FAKS (352) 498-1363	<b>Hamilton County</b> 209 S.E. Central Ave. Jasper 32052 (386) 792-1414 FAKS (386) 792-2352	<b>Jefferson County</b> 1255 W. Washington St. Monticello 32344 (850) 342-0170 FAKS (850) 342-0257
<b>Broward County</b> 780 S.W. 24th St. Ft. Lauderdale 33315 (954) 467-4700 FAKS (954) 760-7798	<b>Duval County</b> 900 University Blvd. North Jacksonville 32211 (904) 253-1000 FAKS (904) 632-5338	<b>Hardee County</b> 115 K D Revell Rd. Wauchula 33873-2051 (863) 773-4161 FAKS (863) 773-0978	<b>Lafayette County</b> 140 S.W. Virginia Circle Mayo 32066-1806 (386) 294-1321 FAKS (386) 294-3876
<b>Calhoun County</b> 19611 S.R. 20 West Blountstown 32424 (850) 674-5645 FAKS (850) 674-5420	<b>Escambia County</b> 1295 W. Fairfield Dr. Pensacola 32501 (850) 595-6500 FAKS (850) 595-6745	<b>Hendry County</b> 1140 Pratt Blvd. LaBelle 33975-0070 (863) 674-4041, EKSTAN- SYON 108 FAKS (863) 674-4605	<b>Lake County</b> 16140 U.S. Hwy. 441 Eustis 32726 (352) 589-6424 FAKS (352) 589-6492
<b>Charlotte County</b> 1100 Loveland Blvd. Port Charlotte 33980 (941) 624-7200 FAKS (941) 624-7202	<b>Flagler County</b> 301 Dr. Carter Blvd. Bunnell 32110 (386) 437-7350 FAKS (386) 437-7353	<b>Hernando County</b> 300 South Main St. Brooksville 34601 (354) 540-6800 FAKS (352) 754-4132	<b>Lake County Satellite</b> 835 7th St. Bldg. B, Ste 4 Clermont 34711 (352) 394-4399, EKSTAN- SYON 113
<b>Citrus County</b> 3700 W. Sovereign Path Lecanto 34461 (352) 527-0068, EKSTAN- SYON 261 FAKS (352) 620-7565	<b>Franklin County</b> 139 12th St. Apalachicola 32320 (850) 653-2111 FAKS (850) 653-9896	<b>Highlands County</b> 7205 S. George Blvd. Sebring 33875 (863) 386-6040, EKSTAN- SYON 215 FAKS (863) 386-6048	<b>Lee County</b> 3920 Michigan Ave. Ft. Meyers 33916 (239) 332-9501 FAKS (239) 332-9567

<b>Leon County</b> 2965 Municipal Way Tallahassee 32316 (850) 606-8150 FAKS (850) 487-7954	<b>Nassau County</b> 30 South 4th St. Fernandina Beach 32035-0517 (904) 548-1800 FAKS (904) 277-7286	<b>Pinellas County</b> 205 Dr. Martin Luther King Jr. Blvd. North St. Petersburg 33701 (727) 824-6900 FAKS (727) 820-4275	<b>Sumter County</b> 415 E. Noble Ave. Bushnell 33513 (352) 569-3121 FAKS (352) 793-1506
<b>Levy County</b> 66 W. Main St. Bronson 32621 (352) 486-5300 FAKS (352) 486-5307	<b>Okaloosa County</b> 221 Hospital Drive, N.E. Ft. Walton Beach 32548 (850) 833-9240 FAKS (850) 833-9252	<b>Polk County</b> 1290 Golfview Ave. Bartow 33830 (863) 519-7900, EKSTANSY-ON 11002 FAKS (863) 534-0293	<b>Wildwood Satellite Office</b> 104 Rutland St. Wildwood 34785 (352) 330-1313, EKSTANSY-ON 245 FAKS (352) 568-0930
<b>Liberty County</b> 12832 North Central Ave. Bristol 32321 (850) 643-2415 FAKS (850) 643-5689	<b>Okeechobee County</b> 1728 N.W. 9th Ave. Okeechobee 34973 (863) 462-5819 FAKS (863) 462-5219	<b>Putnam County</b> 2801 Kennedy St. Palatka 32177 (386) 326-3200 FAKS (386) 326-3350	<b>Suwannee County</b> 915 Nobles Ferry Rd. Live Oak 32060 (386) 362-2708 FAKS (386) 362-6301
<b>Madison County</b> 218 S.W. Third Ave. Madison 32340 (850) 973-5000 FAKS (850) 973-5007	<b>Orange County</b> 6101 Lake Ellenor Dr. Orlando 32809 (407) 858-1400 FAKS (407) 858-5514	<b>Santa Rosa County</b> 5527 Stewart St. Milton 32572-0929 (850) 983-5200 FAKS (850) 983-5215	<b>Taylor County</b> 1215 Peacock Avenue Perry 32347 (850) 584-5087, EKSTANSYON 174 FAKS (850) 584-8653
<b>Manatee County</b> 410 6th Ave. E. Bradenton 34208-1968 (941) 748-0747, EKSTANSY-ON 1222 FAKS (941) 714-7282	<b>East Orlando Satellite Office</b> 12050 E. Colonial Dr. Orlando 32826 (407) 249-6232, EKSTANSYON 249	<b>Sarasota County</b> 2200 Ringling Blvd Sarasota 34237 (941) 861-2900 FAKS (941) 861-2828	<b>Union County</b> 495 East Main St. Lake Butler 32054 (386) 496-3211 FAKS (386) 496-1599
<b>Marion County</b> 1801 S.E. 32nd Ave. Ocala 34478 (352) 629-0137 FAKS (352) 694-1613	<b>Osceola County</b> 1875 Boggy Creek Rd. Kissimmee 34745 (407) 343-2000 FAKS (407) 343-2084	<b>Venice Satellite Office</b> 4000 Tamiami Trail South Venice 34293 (941) 861-3528	<b>Volusia County</b> 1845 Holsonback Dr. Daytona Beach 32120 (386) 274-0500 FAKS (386) 274-0506
<b>Martin County</b> 3441 SE Willoughby Blvd. Stuart 34994 (772) 221-4000 FAKS (772) 221-4990	<b>Palm Beach County</b> 800 N. Clematis St. West Palm Beach 33401 (561) 840-4500 FAKS (561) 837-5197	<b>Seminole County</b> 400 West Airport Blvd. Sanford 32773-5496 (407) 665-3000 FAKS (407) 665-3259	<b>Wakulla County</b> 48 Oak St. Crawfordville 32327 (850) 926-0400 FAKS (850) 926-1938
<b>Miami-Dade County</b> 8175 N.W. 12th St. Suite 300 Miami 33126 (305) 324-2400 FAKS (786) 336-1297	<b>Pasco County</b> 13941 15th St., Room 212 Dade City 33525-4010 (352) 521-1450 FAKS (352) 521-1386	<b>St. Johns County</b> 1955 U.S. 1 South, Suite 100 St. Augustine 32086 (904) 825-5055 FAKS (904) 823-4062	<b>Walton County</b> 362 State Highway 83 St. DeFuniak Springs 32433 (850) 892-8015 FAKS (850) 892-8457
<b>Monroe County</b> 1100 Simonton St. Key West 33041-6193 (305) 293-7500 FAKS (305) 293-7535	<b>New Port Richey Satellite Office</b> 10841 Little Rd. New Port Richey 34654 (727) 861-5250, EKSTANSY-ON 151	<b>St. Lucie County</b> 5150 N.W. Milner Rd. Port St. Lucie 34983 (772) 462-3800 FAKS (772) 873-4941	<b>Washington County</b> 1338 South Blvd. Chipley 32428 (850) 638-6240 FAKS (850) 638-6244

# REMAK



Florida Department of Health  
Office of Communications  
and Bureau of Preparedness and Response  
4052 Bald Cypress Way, Bin Ao4  
Tallahassee, Florida 32399  
**850-245-4111**  
**[www.floridashealth.com](http://www.floridashealth.com)**